

Enfòmasyon sou

Pwosedì Enpasyal pou Rezoud Plent lan

Odisyon an ap fet san papa ak mannan an pa gen anyen pou yo peye, sòf si yo vle peye yon moun kòm reprezantan yo.



Depi sa posib, odisyon an ap fet nan yon kote ak yon lè ki rezonab pou fasilite papa ak mannan an.



Moun ki prezide odisyon an, se yon jij nan dwa administratif Biwo Maryland pou Odisyon Administratif la [Maryland Office of Administrative Hearings] chwazi.



Papa ak mannan an kapab fè yon entèprèt vini, si se pa angle ki lang peyi yo, oswa yo kapab mande pou yo ba yo yon mwayen komunikasyon espesyal, si sa nesese.



Eske ou ta renmen gen plis enfòmasyon? Resous ki nonmen pi ba la yo bay plis enfòmasyon sou dwa papa ak mannan timoun nan sistèm entèvansyon prevantif la.

- Seksyon 8-416, nan Kod Modifè Maryland lan [Annotated Code of Maryland]
- COMAR 13A.13.01
- Lwa Piblik 105-17, ki se Pati C nan Amannman pou Lwa sou Edikasyon Moun Andikape a [Individuals with Disabilities Education Act Amendments]
- Pati 303, Chapit 34 nan Kod Reglasyon Federal la [Code of Federal Regulations]
- Pati 300 nan Seksyon 560-577, nan Chapit 34 nan Kod Reglasyon Federal la
- Pati 99, Chapit 34 nan Kod Reglasyon Federal la

Pou mande kopi nempòt nan dokiman sa yo, kontakte:

MARYLAND STATE DEPARTMENT OF EDUCATION
Division of Special Education/Early Intervention Services
Maryland Infants and Toddlers Program
200 West Baltimore Street; Baltimore, MD 21201
Telefon: (410) 767-0261 • Nimewo gratis: (800) 535-0182
Faks: (410) 333-8165 • TDD (pou moun ki soud) (410) 333-0731

Robert L. Ehrlich, Jr.
Gouvènè

Edward L. Root
Prezidan Konsey pou Edikasyon nan Eta Maryland

Nancy S. Grasmick
Dirèktè Jeneral Lekol nan Eta a

Carol Ann Baglin
Asistan Dirèktè Jeneral Lekol nan Eta a
Divizyon Edikasyon Espesyal / Sèvis Entèvansyon Prevantif

Depatman Edikasyon Eta Maryland (Maryland State Department of Education) pa fè diskriminasyon poutèt ras, koule, si moun se geson oswa fi, laj moun, pòti moun, soti, relijyon moun, oswa paske moun andikape, nan zafè ki gen konsèksan sou jwenn travay oswa nan bay opòtinite pou patisipe nan pwogram yo. Pou mande enfòmasyon sou règleman depatman an swiv, ou met kontakte Branch pou Jistis ak Respe Règleman yo [Equity Assurance and Compliance Branch] nan nimewo telefòn 410-767-0266, oswa nan nimewo faks 410-333-2226, oswa nan nimewo TDD (pou moun ki soud) 410-333-6442. ♦ Se Divizyon Edikasyon Espesyal/Sèvis Entèvansyon Prevantif ki ekri ak piblye dokiman sa a avèk finansman ki soti nan Depatman Edikasyon Etazini. Biwo Edikasyon Espesyal ak Sèvis Reyalitasyon, IDEA, Pati C, Silvansyon Nimewo H181A020124. ♦ Opinyon ki patèt nan dokiman sa a pa nesèman menm ak opinyon Depatman Edikasyon Etazini a ni okenn lòt ajans federal: kididònk, ou pa dwe gade l konsa. ♦ Enfòmasyon sa yo pa gen pwoteksyon pou dwa moun ki ekri yo. Nempòt moun ki gade yo metè fe kopi pou bay lòt moun, men tanpri, si w vle fe sa, di ou rekonnèt se travay "Division of Special Education/Early Intervention Services, Maryland State Department of Education." ♦ Dapre sa yo mande nan Lwa pou Moun Andikape nan Etazini an [American with Disabilities Act (ADA)], moun ki vle wè man dokiman sa a nan yon fòm atènatif kapab mande pou li. Si w vle fe sa, kontakte Divizyon Edikasyon Espesyal/Sèvis Entèvansyon Prevantif nan Depatman Edikasyon Eta Maryland, nan nimewo telefòn 410-767-0261, oswa nan nimewo faks 410-333-2661, oswa nan nimewo TDD (pou moun ki soud) 410-333-0731.

3/04



Pwosedì Enpasyal pou Rezoud Plent nan Sistèm Entèvansyon Prevantif la

MARYLAND STATE DEPARTMENT OF EDUCATION
Divizyon Edikasyon Espesyal / Sèvis Entèvansyon Prevantif
Pwogram pou Ti bebe ak Timoun Piti

Haitian Creole



Yon le konsa, papa ak manman yo pa dakò avèk moun ki fè sèvis yo sou jan fanmi an ap patisipe nan sistèm entèvansyon prevanatif la, tankou:

- desizyon sou kalifikasyon pou sèvis yo
- evalyasyon oswa analiz sou ka yon timoun
- sèvis entèvansyon prevanatif pou yon timoun ki kalifye pou resewva sèvis yo
- lajan pou papa ak manman peye pou sèvis entèvansyon prevanatif yo.

Lè sa rive, komunikasyon an ka vin difisil epi moun yo ka pa kapab rive nan yon desizyon yo tout ap asepte.

Youn nan bagay ki kapab fèt pou ede papa ak manman yo rezoud yon pwoblèm, se medyasyon – ki yon mwayen volontè pou rezoud yon plent, kote gen yon medyatè ki ede moun yo rive jwenn yon solisyon yo tout kapab asepte. Pou plis enfòmasyon sou mwayen sa a, gade nan tiliv ki rele *Mediation in the Early Intervention System* lan [Medyasyon nan Sistèm Entèvansyon Prevanatif la], ou ka jwenn nan Pwogram Maryland pou Tibebe ak Timoun Piti a.



Pwosedì Enpasyal pou Rezoud Plent la se mwayen fòmèl papa ak manman yo kapab sèvi pou rezoud yon plent. Pwosedì sa a mande pou yon jij nan dwa administratif pran yon desizyon dapre prèv tou de pati yo prezante, epi dapre sa temwen yo di nan yon odisyon.

Lè gen yon pwosedì enpasyal pou rezoud plent ki pral fèt, sèvis entèvansyon prevanatif yo ap kontinye, sof si pwogram lokal la ansanm avèk papa ak manman an deside pou sa pase yon lòt jan. Si rezon plent lan se pou yo koumanse fè sèvis yo, timoun lan pral resewva sèvis ki pa nan dispit la.

Pandan odisyon an, papa ak manman yo gen dwa:

- Genyen avèk yo yon avoka ki ba yo konsèy oswa lòt moun ki gen konsans oubyen fòmasyon pou sèvis entèvansyon prevanatif.
- Prezante prèv, konfwonite temwen, fè entewogawwa kontradiktwa, epi mande fè temwen vin depoze.
- Anpeche yo prezante okenn prèv yo pa te fè yo konnen yo pral prezante omwens senk jou anvan odisyon an.

Aprè odisyon an, papa ak manman yo gen dwa:

- Pou yo remet yo yon desizyon ekri, pa plis pase 30 jou aprè Pwogram Maryland pou Tibebe ak Timoun Piti a te resewva demann pou odisyon an.
- Jwenn, san peye, yon transkripsyon ekri oswa elektwonik ki rapòte mo pou mo tout sa ki te pase nan odisyon an.
- Fè yon pwosè sivil nan tribinal Eta a oswa tribinal federal si yo pa dakò ak desizyon an.

Men kisa pou papa ak manman yo fè si yo vle mande yon odisyon:

Ranpli yon fòm li ki rele *Request for An Impartial Complaint Resolution Procedure* [Demann pou yon Pwosedì Enpasyal pou Rezoud yon Plent], yo ka jwenn nan Pwogram Maryland pou Tibebe ak Timoun Piti a, Divizyon Edikasyon Espesyal/ Sèvis Entèvansyon Prevanatif, Depatman Edikasyon Maryland.

Nan fòm li a, yo bay papa ak manman yo dwa chwazi pou yo patisipe nan yon medyasyon anvan yo ale nan yon odisyon. Si papa ak manman yo chwazi medyasyon, epi pati yo pa rive tonbe dakò pandan seyans medyasyon an, paran yo toujou kapab mande yon Pwosedì Enpasyal pou Rezoud yon Plent.

